
6+
Нур
ISSN 0207 - 6551
11
2015

# IУТIЫЖ БОРИС И ЛЪЭУЖЬ ДАХЭР



ЦIыхубэ тхакIуэ IутIыж Борис къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъуащ.

IутIыжыр нэхъ цIэрыIуэ зэрыхъуар драматургием хуищIа хэлъхьэныгъэхэрщ, и къалэмыпэ къыщIэкIа пьесэхэм щыщу нэхъыбэр адыгэ драмэ театрым щагъэуващ, ди къэралым и щIыпIэ куэдым, хамэ къэралхэм щагъэлъэгъуащ. Ауэ Борис литературэм, журналистикэм я жанр куэдми и Iэзагъэр щигъэлъэгъуащ: усэхэр, новеллэхэр, гушыIэ рассказхэр, хъыбархэр, публицистика, эссе зэрыт тхылъ 20-м нэс къыдигъэкIащ.

ТхакIуэ щэджащэм сабийхэри Iыхьэншэ ищIакъым, абыхэми усэ дахэ дыдэ цIыкIу куэд яхуитхащ.

## Гуащэ|эпэ



Гуащэ|эпэу напэ гъуэжь,
Лъабжьэ махэу дахэкIей,
КуэдыкIейуэ гъатхэм къэкI,
МэфIкIэ бгъуэщIыр зыгъэнщIыф,
Уэ уи деж сэ сыкъэкIуат,
Укъисчынуи си гугъат,
Ауэ си гум къысхуимыдэ
Ди мэз лъапэр дахэ дыдэ
ЗыщIэхъукIыр ухэсчыну...
Мис мыпхуэдэущ зэрытщIынур:
Сэ уэ щIым укъыхызонэ,
Уэ си нэгум укъыщIонэ!

# Ажэ

Бжьэ кӏыхьыжьу ажэ,
Къуажэм щыцӏэрыӏуэ,
Ӏуейуэ къэзыкӏухь,
Зи щхьэр зыгъэлъагэ,
Пагэу зыхэзыш,
Гуартэр къезышэкӏ,
Жьакӏэ ин зезыхьэ,
Хьэхэр къэзыгъащтэ,
Къащти уи бжьакъуитӏыр,
Дызэныбжьэгъуитӏыр
Пэжмэ, уи тхым сыгъэшэс,
Сыхь ди архъуанэм нэс!



# Сэтэней



Сэтэней щхьэхуу
Шылэхъар хужь,
Ужьэ бгы псыгъуэу
Игъуэу фӏэрафӏэ,
Зызыгъэфӏэжу удэхэм яхэт,
Хэт къыпхуэзэми уэ къыдохьэх.
Уи щхьэр епхьэхрэ укъэщхьэлъауэ
Укъалъэгъуамэ, ар – мэкъуауэгъуэщ...
Мэкъуауэ гупыр къохьэ уи лъахэм, –
Зыгъэпщкӏу псынщӏэу, Сэтэней дахэ!



Ди щӀыналъэм и лӀыхъужьхэр

# АДМИРАЛ ХАХУЭ

Головко Арсений 1906 гъэм июным и 10-м Къалэкӏыхьым (Прохладнэ къалэм) къыщалъхуащ. Фрунзе и цӀэкӀэ щыӀэ Зауэ-Тенджыз училищэр, иужькӀэ Зауэ-Тенджыз академиер къиухащ. Хэку зауэшхуэм и пэкӀэ Испанием щекӀуэкӀа граждан зауэм хэтащ.

Хэку зауэшхуэр щыщӀидзам ар Ищхъэрэ Флотым и унафэщӀт, вице-адмиралт. Абы щыгъуэ Головко Арсений и ныбжьыр илъэс 35-рэт зэрыхъур. Абы къегъэлъагъуэ ар дэ унафэщӀ Ӏэзэу зэрыщытар. Арсений къулыкъу щищӀащ Балтийскэ, Каспийскэ, Амурскэ флотхэм. Ушаков и цӀэкӀэ щыӀэ орден лъапӀэр зыхуагъэфэщахэм ар ящыщщ. Адмиралым зэрихьа лӀыгъэм къыпэкӀуащ дамыгъэ лъапӀэхэр: В. И. Ленин и цӀэкӀэ щыӀа ордену плӀы, «Красное Знамя» ордену зпхуадиз, Нахимовым и цӀэкӀэ щыӀэ орденым и япэ степеныр, «Красная Звезда» орденитӀ, хамэ къэралхэм къратахэр, нэгъуэщӀ куэдхэри хэмыту.

1947 гъэм Головко Арсений ди къэралышхуэм и Зауэ-Тенджыз флотым и унафэщӀым и къуэдзэу щытащ. Абы щыгъуэ ар зэрыхъур илъэс 41-рэт!

Зэрыпсэуа илъэс 56-м щыщу Головко илъэс 35-кӀэ флотым хэтащ.

Арсений щӀэх-щӀэхыурэ щалъхуа ди щӀыналъэм къэкӀуэжрейт. ТхакӀуэ, драматург Шортэн Аскэрбийрэ абырэ зэхуэтхэу щытащ.

Головко А. Г. дунейм ехыжащ и ныбжьыр илъэс 56-рэ фӀэкӀа мыхъуу 1962 гъэм майм и 17-м.

Москва, Североморск, Полярнэ, Налшык, Прохладнэ къалэхэм я уэрамхэм, Ищхъэрэ флотым щыщу ракетэ къезышэкӀ крейсерым абы и цӀэр фӀащыжащ. Прохладнэ дэт 4-нэ еджапӀэм абы и цӀэр зэрехьэ. 1972 гъэм мыбы къыщызэӀуаха музейм щӀэлъщ адмиралым теухуа сурэтхэр, тхыгъэхэр, езым итха «Флотым дригъусэу» жыхуиӀэ тхылъыр. Санкт-Петербург дэт Зауэ-Тенджыз музейм кузду щӀэлъщ а лӀыхъужьым и зауэ гъуэгуанэм теухуа тхыгъэхэр. Североморск къалэм дэт Офицерхэм я унэм щыӀэщ адмиралым и скульптурэ.

1964 гъэм августым и 6-м зыщалъхуа Прохладнэ къалэм къыщызэӀуахащ адмирал хахуэм и фэеплъыр.

***КЪАРМЭ Руслан***

***ХЪУАДЭ Сэфэр,***
*адыгей тхакIуэ*

# Унэ дзыгъуэмрэ мэз дзыгъуэмрэ

Псысэ

Къуажэм пэмыжыжьэу щыт мэз лъапэм деж унэ дзыгъуэмрэ мэз дзыгъуэмрэ щызэIущIахэщ. Зэхуэгуапэу зыщIэупщIа нэужь, унэ дзыгъуэр мэз дзыгъуэм хуэгумащIэу еупщIащ:

– Си къуэш, сыт уи псэукIэ? Уэсышхуэ къеса нэужь, щIымахуэр щIыIэ хъумэ, пшхыр дэнэ къипхрэ, хэщIапIэу пщIыри сыт? – жери.

– НакIуэ, си къуэш, си псэукIэр пфIэгъэщIэгъуэнмэ, мэзым усшэнщи, узгъэлъагъунщ, – жеIэ мэз дзыгъуэм.

Унэ дзыгъуэр, «хьэуэ» къыхимыгъэкIыу, мэз дзыгъуэм и ужь иуващ. Зы хуей цIыкIу гуэрым нэсхэри, мэз дзыгъуэм, ихъуреягъкIэ щыт жыгхэр иригъэлъагъуурэ, жиIащ:

– Мис мыращ  си хэщIапIэри си унэри, – жери.

Унэ дзыгъуэм зыкъомрэ зыкъиплъыхьащ.Хуей цIыкIум ихъуреягъкIэ дей, мышхумпIей, юсъужьей, мей жыгхэр – мэзым пхъэщхьэмыщхьэу къыщыкI псори иту елъагъу.

– ЩIымахуэ щIыIэ хъухукIэ  мыхэращ си гъуэмылэр, – жиIащ мэз дзыгъуэм.

– Мыпхуэдизыр, гъэтIылъыгъэ пщIыуэ, къэугъуеин хуейкъэ?! – илъагъу псор егъэщIагъуэ унэ дзыгъуэм.

– ЦIыхум я Iуэхур уощIэ, си къуэш, гугъу уемыхьауэ, къыумылэжьауэ зыми зыри уигъэшхынукъым.

– Сэ абыхэм зыгуэр сагъэшхынкIэ сащыгугъыркъым, – жи унэ дзыгъуэм. – Ауэ сызыхуей пхъэщхьэмыщхьэр, езы цIыхум къалэжьауэ яшхыну унэм къыр ахьэлIэ псор гъэмахуэми щIымахуэми яфIызошх. Уэ узлъытауи жэнэтым сисщ. Сэ си псэукIэр пщIэну ухуеймэ, накIуэ къуажэм, узгъэлъагъунщ.



Чырбыш унэ дахэшхуэрэ ятIэкIэ ижауэ чы пщэфIапIэ цIыкIурэ пщIантIэм дэтт. Унэ дзыгъуэм хьэщIапIэ къыхуэкIуэ мээ дзыгъуэр пщэфIапIэ цIыкIум щIишащ.

– Мыр унагъуэм я пщэфIапIэщ, я шхапIэщ, – жиIащ унэ дзыгъуэм. – Си унэри мыращ. Унагъуэм исхэр шхамэ, чырбыш унэм мэкIуэж. Сэ мыбы сыкъыщIонэ. Хьэлыгъу щыкъуей, пIастэ тыкъыр, кхъуей е нэгъуэщI шхынығъуэ жыпIэми, унагъуэм къагъэнам си Iыхьэ къыхызогъэкI: схуэшхыр сошх, адрейр гъуэмылапхъэу согъэтIылъ. Ей, си благъэ, уэ уэлъытауэ, сэ си Iуэхур тхъэжыгъуэщ. Уаи, щIыIи, уэси, уэшхи сыхамыхьэу, сызыхуей гъуэмылапхъэр си хьэзыру, унэ хуабэм сисщ.

– Сынохъуапсэркъым, – пиупщIащ мээ дзыгъуэм.

– Сыту?! – зэхихар егъэщIагъуэ адрейм.

– Уэ, шэчыншэу, упIастэщып мыхъумэ, удзыгъуэкъым. Ди лъэпкъ напэр тыбох.

И хьэщIэм жиIахэр унэ дзыгъуэм игу ирихьакъым, гущIыIэ ищIу, и щхьэ ирижащ. Арыххэуи, щхьэкIуэ щыхъуа и хьэщIэр иригъэжьэжыну и унэ къыщIишьжащ. Унэм къызэрыщIэкIыжхэу, мээ дзыгъуэм бжэIупэм Iут жыг щIагъым джэду къуэлэнышхуэ щIэту къелъагъу.

– Мор хэт? – жери и бысымым еупщIащ мээ дзыгъуэр.

– Мыр дипщщ, и цIэр Уэсэрэжщ.

– АтIэ, фи пщым сэлам езмыхыу пщIантIэм сыдэкIыжмэ, емыкIу хъунукъэ?

– Ухуеймэ, екIуалIи ех.

– Сэлам алейкум, Уэсэрэж!

Джэду къуэлэнышхуэм и напIэр къызэтрихщ, епхъуэри, и пащхьэм итыр къиубыдащ. «ЦIий, цIийI» – жиIэу кIийуэ мээ дзыгъуэр и гъуэм ихьащ, ишхыну.

– Ей, Уэсэрэж, сынолъэIу, сыутIыпщыж, сэ сыхьэщIэщ! Адыгэхэм я хьэщIэр игъащIэм ягъэлъапIэу я хабзэщ. Я нэхъ бийуэ яIэр арами, хьэщIэу къахуэкIуамэ, ямыукIыу, псэуүэ я унэ ирагъэкIыжу зэхэсхащ.

Уэсэрэж, мээ дзыгъуэр иутIыпщыжри, жиIащ:

– Пэжщ, а хабзэ дахэр адыгэхэм яхэлъщ. Ауэ, пщIэрэ, сэ къэзубыдыну сызыхуеяр уэратэкъым, мис а узихьэщIа напэншэр аращ.Ялъагъу хъуркъым епцIыжакIуэр, зи псалъэ темытыжыр. Гува-щIэхами, си лъэбжьанэ жанхэм къащIэхуэнущ.

Мээ дзыгъуэр Уэсэрэж и лъэбжьанэм къыщыфIэхужым, «Уэ сигу мыгъуэ... Уэ сыхуей гущэкъым унэ дзыгъуэм и жанэтым!» – жиIэурэ и гур иIыгъыу къикIуэтыжащ.

Абы иужькIэ мээ дзыгъуэр унэ дзыгъуэ гуэрми хьэщIэу хуэкIуэжакъым. Абы лъандэрэ езым и дуней тетыкIэр игу нэсу, нэхъ къищтэу мээым къыщIэмыкIыу хэсу аращ яIуатэр.

ЗэзыдзэкIар ***ХЬЭТУ Пётрщ***





*КАКОЕВЭ Даринэ*



*ДЕЛИГОВ Хусейн*



*ТАНКОВЭ Алисэ*



*ИУАН Ясминэ*

# АДЫГЭБЗЭР ЯДЖ

Ди щІыналъэм ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд исщ. Ди нобэм нэгъуэщІ лъэпкъхэм я унагъуэхэм удэзыхьэх зы Іуэхугъуэ ядолъагъу: абыхэм я сабийхэр адыгэбзэкІэ уэрсэру псалъэ къудейкъым, атІэ а бзэр зэрагъащІэ, ядж. Алхуэдэхэщ мы сурэтым щыфлъагъу Налшык 2-нэ лицейм и еджакІуэ цІыкІухэр. Ар зи фІыщІэр а предметымкІэ я егъэджакІуэ **ІЭПЫЧЭ Іэсиятщ.**



***ГЪУЩІАЛЩЭ Тамерлан*** Кенжэ сабий сад 20-нэм и гъэсакІуэщ. Балъкъэрыбзэри адыгэбзэри фІы дыдэу ещІэ.





***МАХУЭ Эланэ*** Сэрмакъ сабий сад 2-нэ и гъэсэнщ, уэрэд жиІэну, къэфэну фІэфІщ.

***ЯХЭГУАУЭ Хъадиджа*** Налшык сабий сад 38-нэ макІуэ, усэ цІыкІухэм къоджэф, удз гъэгъахэр фІэфІщ.



***ЧОЧАЙ Сабинэ*** Аушыджэр сабий сад «Дыгъэм» и гъэсэнщ.



## ЩIЫIУБНЭФ

*(Шотланд уэрэд)*

Мис щIыIубнэф,
Мис щIыIубнэф,
Фыкъеплъыт – мис мыр –
ЛэжьакIуэфIщ.
Ар тхьэIухудкъым
ИкIи удкъым,
Ар ауэ сытми
ЩIыIубнэфщ.

## ДЗЫГЪУЭР ПСЫХЬЭ ЗЭРЫКIУАР

*(Литовскэ уэрэд)*



Хугу ялъэсырт,
Хугу ялъэсырт,
Дзыгъуэр псыхьэ ягъэкIуащ.
Пшахъуэ пхъашэми пхыкIащ,
Лъэмыж Iушэми икIащ.
Куэд жиIащ, куэд къибжащ,
Езэшыху гъынэнащ,
Дыгъужьыжьым щышынащ.
Гъунэгъубзэт псынэри,
Къигъуэтакъым шынэри.



## ХЬЭЩIЭХЭР КЪЭСАЩ

*(Литовскэ уэрэд)*

Быргуэ, быргуэ –
Куэбжэр Iух.
КъокIуэ хьэщIэ зытхух,
Кхъуэр я пашэу къэсащ...
ПщIантIэм дэсхэр гуфIащ,
Къаз хужьышхуэр къэфащ.
И накъырэр адакъэм
Зэригъаджэр фIъэгъуакъэ!
Хьэр джэдум екIужащ,
ЗэкIужащ, гуфIэжащ



# КЪАНЖЭ



*(Грузин уэрэд)*

Ди джэджьейхэм я псэхэх!
БжетIэ псори уэ зэхэх.
... Джэджьей цIыкIуу къыпхъуэтар
КъыутIыпщыхукIэ – вгъащтэ ар!



# ЩIЫМАХУМ

*(Грузин уэрэд)*

Ди гъэмахуэ, угуфIэжу
Уэ дапщэщ укъэкIуэжыну?
Унэм сахущIэмыхьэжу
ЩIыбым сэ сыщыжеинут.



# АЗЕРБАЙДЖАН ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

ПфIэфIыщ ди хадэ ухэплъэн:
Щохъу хьэиуи, щохъу гранати.
Мис а хадэ берычэтым
ПсынщIэу хэхъуи – ухэсщэнщ.

ЗэридзэкIащ БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

# АДЫГЭ КЪУАЖЭХЬХЭР

ЩIы щIагъым анэщIэ хужь щокIэщI. *(бжьыныху)*

Адэ-мыдэ бзэ, къырым и бзэгу *(пцIащхъуэ)*

КIэцэ къуацэ къокIуэри кIэцэ цурэ ныдех. *(дыгъужьрэ бжэнрэ)*

Жыг щхьэпэ кърабзи Iуэбжэ-набжэ еугъуей. *(гуахъуэ)*

Уд бын ди къуэ гъуанэ къыдоплъ. *(шыбжий)*

ПсыщIагъырыкIуэ алащэ кIуэр. *(къундуз)*

Зи бжьэ дыгъэрыгъу, зи кIэ мыгъуэIус, хьэдэIус хамыпхьэ. *(бжэн)*

ЦIыкIунитIэ ятIэ хэпщ. *(ху)*

ПщIэгъуалащхъуэ куафэ щхъуантIэщ, Кумбым йолкIэ, къопкIэтыж. *(шындырхъуо)*

Ди джэд хужь цIыкIу къупщхьэншэщ. *(кхъуей)*

Унэ натIэм лэгъупжьей къыщовэ. *(щыIубнэф)*

Натжьей (нэд цIыкIу, жыхуиIэщ) лы из. *(дзыгъуэ)*



**Габриэль (Джэбраил) БАЛИНТ**
Арэщ мы сурэтым щыфIэгъэур.
Г. Балинт венгр щIэныгъэлIщ. Абы адыгэбзэр иджащ, къэбэрдейбзэм грамматикэ хуитхащ.
Нобэ «Нурым» тридзэ адыгэ къуажэхьхэр Г. Балинт къыдигъэкIа Къэбэрдей-венгр-латин псалъалъэм (1904 г.) къитхыжащ.





Къуапиплl плlэней,тхьэхуэлажьэ лэжьакlуэфl.
(къурlэн)

Дадэ и жьакlэр мэуфафэри псыlуфэм lутщ.
(къамыл)

lукlэ кlэцl, тхыцlэкlэ гъуалъхьэ:
(вынд)

Мэзым ибгъу вым и бгъуитl.
(выуэч)

Зэпэзэдакъэ уэркъ былым.
(пхъуантэ)

Ди тlыжь цlыкlу шыгъубэшхщ.
(джэдыкlэ)

Щlыбух дамыгъэ щlы зэв дэмыхуэ.
(пхъэlэщэ)

И фэ техьэтекlщ и щlыlу гушэрхъщ.
(тхьэджэд)

Ди унащхьэ апсыжь (псалъэр гурыlуэгъуэкъым) ныкъуэ телъщ.
(мазэ)

Жыжьэрыплъэкlэ пщlэгъуалэжьщ,
Къеблэгъэжмэ дакъэжьщ.
(кхъуафэ)

Кlуэ пэтми бжьиз нэхъ икlуркъым.
(бжэ)

Фом нэхърэ нэхъ lэфlу, бдзапцlэм нэхърэ, нэхъ уэндэгъуу, уи щlыб иплъхьамэ пхуэмыхьу, бэзэрым тепхьамэ пхуамыщэхуу.
(жэй)

Уеплъмэ гъунджэ (гъуджэ, жыхуиlэщ), уеджэмэ дэгу.
(мыл)

*Игъэхьэзыращ* ***ДЖЭДГЪЭФ Борис***





*Бжьыхьэ мэз*

# Іэгъэбэгухэр

Хэт зымыцІыхур Іэгъэбэгу цІыкІухэр?! Адрей къэкІыгъэхэми хуэдэу абыхэм мэзыр ягъэдахэ, къулей ящІ. Лъакъуэ закъуэкІэ и щхьэматэ цІыкІур захуэу, пагэу фІиІыгъэу ар щытщ. Іэгъэбэгухэр жыг щІагъхэм, хуейхэм, жыг лъэдакъэ пыупщІахэм я гъунэгъуу къыщокІ.

Іэгъэбэгухэмрэ къэкІыгъэхэмрэ, Іэгъэбэгухэмрэ жыгхэмрэ лъабжьэхэмкІэ, къуэпсхэмкІэ зэрыІыгъщ. ЩІыгулъым къыхах «шхыныгъуэхэмкІэ» абыхэм зым зыр «егъашхэ».





Мэзым щІэт псэущхьэ куэдми Іэгъэбэгухэр я шхыныгъуэщ. КІэпхъ цІыкІухэм ахэр зэхуахьэсри жыг къудамэм пыІауэ ягъэгъу. ЩІымахуэ шхыну абы къэуатышхуэ щІэлъщ. Цыжьбанэхэми топ хъурей защІри я банэ цІыкІухэмкІэ Іэгъэбэгур фІагъанэри я гъуэхэм яхь.

Іэгъэбэгухэр зэмылІэужьыгъуэ куэд дыдэ мэхъу. Ауэ абыхэм яхэтщ псэущхьэхэми цІыхухэми яшх мыхъуну щхъухь зыхэлъ Іэгъэбэгухэр. Апхуэдэхэр Іэмал имыІэу зэгъэцІыхун хуейщ. БадзэгъалІэ (мухомор), ямышх фагъуэ (бледная поганка), дакъэхэкІэнэпцІ (ложный опенок) Іэгъэбэгухэр пшхын дэнэ къэна, ІэкІэ уеІусэну шынагъуэщ. Абыхэм псоми мэ гурымыхь къакІэрех.





Іэгъэбэгу хужьыр (белый гриб), дакъэхэкІыр (опенок), шампиньонхэр пшхы хъухэм ящыщщ. Апхуэдэ Іэгъэбэгухэм къэуат зыщІэлъ шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыхащІыкІ. Ди щІыпІэм куэду мыхэр щобагъуэ.

СурэтхэмкІэ зи гугъу тщІа Іэгъэбэгухэр зэвгъэцІыху.

**КЪУЭДЗОКЪУЭ** ***Фатимэ***

бадзэгъалІэ мухомор
ямышх фагъуэ бледная поганка
дакъэхэкІэнэпцІ ложный опенок

Іэгъэбэгу хужь белый гриб
дакъэхэкІэ опенок
шампиньон



*Дэ къытхуатх*

***

Сентябрь дыгъэпс махуэм ди егъэджакІуэм мэзым зыплъыхьакІуэ дишат. Жыгхэм япыт тхьэмпэхэр дыщафэт, плъыжьыбзэт. ИтІанэ щІылъэри зэрыщыту тхьэмпэ защІэт. ЕгъэджакІуэр тепсэлъыхьащ хуабапІэ щІыпІэм лъэтэж къуалэбзухэм. Цыжьбанэр щІымахуэ псом зэрыжейм. Дэ хуабжьу ди нэгу зиужьащ. Тхьэмпэ дахэ куэд къэтщыпри унэм дыкъэкІуэжащ.

**КЪАНКЪУЛ** ***Миланэ,*** 5-нэ класс,
Къамылыкъуэ къуажэ.

***

Сэ псэущхьэхэр фІыуэ солъагъу. Ар ищІэрти дадэ хьэпшыр цІыкІу къысхуихьащ. Хьэпшыр цІыкІум цІэуэ фІэсщащ Лъапэху. Дади жиІащ и лъапэ цІыкІур хужьу щытщи, Лъапэхур абы зэрекІур. Лъапэху сэ пщэдджыжькІэ согъашхэ. Дадэ сэрэ дызэгъусэу абы хьэгъуэ хуэтщІащ. Иджы ар щІымахуэм зыщІэсын унэ иІэщ.

***КУЭТ Астемыр,*** 2-нэ курыт еджапІэ, 4-нэ класс,
Бахъсэн къалэ.

***

Си шыпхъу цІыкІур иджыри школым щІэтІысхьакъым. Сэ езыр 2-нэ классым сыщоджэ. «Нур» журнал къытхуахьым ит псысэхэм, усэхэм сыкъыхуоджэ. Ар щэхуу къызодаІуэ. Ар фІэфІу сурэт гъэщІэгъуэнхэм йоплъ.

***БАГЪЭТЫР Ислъам,*** 3-нэ школ, 2-нэ класс,
Ислъэмей къуажэ.

***

Ди егъэджакІуэр къытхуеджащ Сосрыкъуэ теухуа нарт хъыбархэм. Дэ хуабжьу дигу ирихьащ а нарт лІыхъужьыр. Сосрыкъуэ нартхэм мафІэр къахуихьыжащ. Сосрыкъуэ Емынэжь езауэри нартхэм щІым трасэну жылэри къихьыжащ. Сосрыкъуэ и анэ нарт гуащэ Сэтэней и чэнджэщхэм сыт щыгъуи йодаІуэ. Сосрыкъуэ и сурэтыр сэ дахэу сщІащ.

***МЫСРОКЪУЭ Залинэ,*** 7-нэ школ, 7-нэ класс,
Налшык къалэ.

***

Тхьэмахуэ махуэм ди егъэджакІуэм зоопаркым дишат. Ар тепсэлъыхьащ гъущІхъарым ис псэущхьэхэм щІымахуэр зэрырахым. Номинхэр хуабапІэ щІыпІэм ягъэІэпхъуащ. Язынкъуэ къуалэбзухэри дэ тлъагъужакъым. Ауэ дыгъужьхэри, бажэхэри, аслъэнхэри гъущІхъархэм исынущ. Абыхэм щІымахуэр яфІэщІыІэкъым. Зоопаркым щылажьэхэр а псэущхьэхэм фІыуэ кІэлъыплъынущ.

***



***МАХУЭ Мурат,*** 31-нэ школ, 6-нэ класс,
Налшык къалэ.

# ДУНЕЙПСО КУБОКЫР ЛЭСКЭНЫПС ІУФЭ ЩЫЗЭІЭПАХ

Анапэ и Іэгъуэблагъэм щыІэ «Витязь» спорт комплексым кикбоксингымкІэ дунейпсо кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ гуащІэ щекІуэкІащ. Зи ныбжьыр илъэсиблым щыщІэдзауэ плІыщІым нэс къриубыдэу спортсмен 1200-рэ абы хэтащ икІи лІэужьыгъуэ зыбжанэкІэ ахэр зэпеуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр зыхъума цІыху 30-м ящыщу зи насып нэхъ къикІар Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щыщ Сомгъур Азэмэтщ. И хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІри абы Дунейпсо кубокыр зыІэригъэхьащ.

ЩІалэщІэм и ехъулІэныгъэм хуабжьу щыгуфІыкІащ и къуажэгъухэр. Ар Іэтауэ ирагъэблэгъэжащ икІи хуэфэщэн пщІэ лъагэ хуащІащ. Сомгъур Азэмэт и текІуэныгъэ иныр даІэтыну кърихьэлІат къуажэм, районым я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, благъэхэр, Іыхьэлыхэр, ныбжьэгъухэр, еджакІуэ цІыкІухэр. Абыхэм къабгъэдэкІ псалъэ гуапэ куэд зэІущІэм щыІуащ. Лэскэн районымрэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэмрэ я Іэтащхьэхэу АфІэунэ Аслъэнрэ Мэремыкъуэ Аслъэнрэ къыхагъэщащ Сомгъурым и ехъулІэныгъэм псори зэригъэгушхуар икІи нэхъыбэжкІэ зэрыщыгугъыр. Къуажэдэс нэхъыжьхэм къабгъэдэкІыу абы гуапэу ехъуэхъуащ Уэркъуасэ Владимир. Къэпсэлъахэм фІыщІэшхуэ хуащІащ апхуэдэ щІалэ ахъырзэман зыгъасэ и тренер БецІыкІу Зубер.

ГуфІэгъуэ зэІущІэр ягъэдэхащ къуажэ школакІуэхэм къызэрагъэпэща концертым щыІуа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ.

**ЖЫЛАСЭ Заур**



*Сурэтым:* Сомгъур Азэмэт и къуажэгъухэм ягъэлъапІэ.

*Псалъэзэблэдз*

# ХЬЭРФ «Б»





**УпщIэхэр:**

1. Джэдкъаз лъэпкъ. 2. Ди щIыналъэм и къалэ. 3. «Бжэн» псалъэ зыхэт къуалэбзум зэреджэр. 4. Гъэм и зэман. 5. Адыгэхэм шхыныгъуэм халъхьэ къэкIыгъэ (урысхэм мята жыхуаIэр). 6. Шыр щахъумэ, щагъашхэ щIыпIэ, шэщ. 7. Бажэ щыпсэу къуэм зэреджэр. 8. Жыг лъэпкъ.

Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ нарт лIыхъужьыцIэ.

*Жэуапылъэ: Бахъсэн, Бэдынокъуэ, блашэ, бжэндэхъу, бабыщ, бажэкъуэ, бэрэтIинагъуэ, бо, бжьыхьэ.*

# НУР

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 11 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б. ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А. АБАЗОВ**
**А. БИЦУЕВ**
**Ф. МАЛАЕВА**

Художественный редактор
**К. ФАДЕЕВ**

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управления Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.11.2015 г.
Выход в свет
30.11.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура SchoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2720
В розницу – цена свободная
Заказ № 174
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г. Нальчик, ул. Ленина, 33



**СОМГЪУР Аззэмэт,**
кикбоксингымкlэ Дунейпсо кубокыр къэзыхьа щlалэрщ.